

BABI

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kabudayaan téh asal kecapna “budaya” anu hartina hiji cara hirup anu mekar jeung dipiboga ku saréréa atawa sakelompok jalma tur diwariskeun ti generasi ka generasi. Kabudayaan téh mangrupa tamperan tina kagiatan jeung karya manusa. Kabudayaan ngawengku sagala maniféstasi kahirupan manusa nu *berbudi luhur* jeung sipatna rohani. Kabudayaan ogé ngawengku sagala prilaku manusa, timimiti cara jalma nyawang pati jeung nyieun upacara-upacara pikeun ngabagéakeun hiji peristiwa. Kitu ogé ngeunaan kalahiran, cara-cara ngolah dahareun, sopan santun waktu dahar, tatanén, moro, cara nyieun alat-alat, pakéan, cara-cara ngahias imah katut awakna, éta kabéh kaasup kabudayaan, kitu ogé jeung kesenian, élmu pangaweruh jeung agama (C.A. van Peursen, 1976:9-10). Jadi kabudayaan téh mangrupa hiji hal anu bakal mangaruhan tingkat pangaweruh jeung ngawengku sistem ide atawa gagasan nu aya dina pikiran manusa, jadi dina kahirupan sapopoé kabudayaan téh ngabogaan sifat nu abstrak.

Kiwari wujud kabudayaan téh lain ngan saukur kecap barang nu mangrupa koléksi barang-barang kabudayaan anu diciptakeun ku manusa salaku mahluk nu *berbudaya* kawas karya-karya kasenian, buku-buku, alat-alat, jumlah museum, gedong-gedong universitas, jsb. Kiwari wujud kabudayaan dipatalikeun jeung kecap pagawéan, misalna kagiatan manusa nyieun pakakas, maké tata upacara tari-tarian jeung mantera-mantera nu ningtrimkeun roh-roh jahat, ku cara ngadidik budak tur jalma-jalma cacad méntal diperlakukeun ku rupa-rupa pola kalakuan nu patali jeung perburuan, sidang-sidang parlemén, resépsi perkawinan jsb. Eta sababna ku naon kabudayaan mangrupa carita ngeunaan parobahan-parobahan riwayat manusa nu osok méré wujud anyar kana pola-pola kabudayaan nu geus aya.

Koentjaraningrat (1990:205) nétélakeun yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya sacara *universal* di antarana, nya éta: (1) sistem kapercayaan, (2) sistem pangaweruh, (3) organisasi sosial, (4) basa, (5) sistem pakasaban, (6) kasenian, jeung (7) sistem téknologi.

Minangka bagéan tina kabudayaan, kasenian téh asal kecapna “seni” anu hartina kakuatan atawa kamampuh jalma pikeun nyiptakeun kaéndahan jeung kaweruh. Ki Hajar Dewantara méré watesan nu leuwih jembar, yén seni téh kalakuan manusa nu aya tina rarasaan nu sifatna éndah. Jadi kasenian téh mangrupa naon-naon anu jadi seni jalma. Kasenian ngandung ajén-ajén norma, pangaweruh, jeung kapercayaan nu kaintegrasi dina kabudayaan sapopoé pikeun ngahontal tujuan idéalna. Anu utamana pikeun nambah interpretasi jeung panglengkep dina kahirupan. Kasenian ogé ngabogaan ciri has universal manusa (Kusdiansyah, 2008:15).

Kasenian mimiti diciptakeun lain ngan pikeun kaéndahan, tapi didadasaran ku pangabutuh keur menangkeun gambaran, simbol, jeung wujud nu tangtu minangka objék nu jelas babari dipikanyaho jeung dipikaharti ku manusa, pikeun ngalaksanakeun kahirupan religius saluyu jeung kapercayaanna. Sajarah seni dimimitian waktu manusa mikir ngeunaan ajén panambah pikeun kahirupan spiritualna. Kagiatan spiritual mangrupa kagiatan utama pikeun peradaban manusa waktu maranéhna sadar ayana kakuatan gaib nu ngawasa kahirupan maranéhna (Syam S. Tamoe, 2008:10)

Sistim kapercayaan kana kakuatan gaib masarakat baheula kacida kuatna. Maranéhna boga anggapan kasenian mangrupa alat komunikasi jeung karuhun, kasenian mangrupa wujud sukur ti manéhna. Manusa mangrupa unsur utama dina kasenian, sabab ayana kasenian dibalukarkeun ku kréativitas nu aya di diri manusa.

Kasenian di wewengkon Sunda téh loba pisan, awahing ku lobana nepi ka hésé ngitungna, komo mun disebutan hiji-hiji. Kasenian Sunda éta téh aya nu geus leungit, aya nu rék leungit, tapi aya ogé anu masih kénéh sok dipaké. Leungit di dieu maksudna tara dipaké.

Kitu deui di wewengkon Rancakalong-Sumedang, kasenian anu aya téh kawilang loba, aya kuda rénggong, singa dépok, kuda lumping, réak (bangbarongan), terbang, ngalaksa, celempungan, Jentréng (tarawangsa) jrrd.

Jentréng mangrupa kasenian nu tumuwuh tina pola hirup tatanén masarakat Rancakalong-Sumedang. Kasenian Jentréng téh minangka médium dina upacara nu raket pisan patalina jeung unsur magis. Jentréng ditujukeun pikeun ngahormat ka Dewi Sri atawa Dewi paré. Ku hormat-hormatna masarakat Rancakalong nyebut kana paré téh ku ngaran *Kersa Nyai* minangka personifikasi tina paré. Tujuanna sangkan *Kersa Nyai* tetep cicing jeung betah di Rancakalong. Hal ieu saluyu jeung kabiasaan masarakat nu nempatkeun Jentréng salaku media poho dina upacara nyalin atawa panén paré.

Salian ti media pikeun sukuran ka *Kersa Nyai*, Jentréng ogé osok dipaké salaku upacara hajat lembur, ngaruat imah, salametan pikeun ménta kabarokahan tur kaséhatan keur nu geuring, jrrd.

Kasenian Jentréng di wewengkon Rancakalong-Sumedang téh kaasup kasenian anu masih kénéh aya tapi geus jarang dipidangkeun. Arang langkana dipidangkeun kasilih ku robahna Jaman lantaran ayana kasenian anu dianggap leuwih modern kayaning jaipong dangdut, organ tunggal jrrd.

Nasib kasenian Jentréng kiwari lamun dibandingkeun jeung kasenian buhun séjéna, upamana waé ku celempungan mémang rada kaéléhkeun. Alesanana nya éta, nu kahiji lamun ditilik tina musikalisasina, celempungan mah bisa maké sindén dina harti bisa maké nu ngahaleuang lain ngan saukur ngandelkeun irama tina waditra nu dipaké, sedengkeun jentréng mah dipahing maké sindén, pamali hukumna lamun maké nu ngahaleuang, ku kituna ngan saukur ngandelkeun irama tina rebab jangkung (tarawangsa) jeung kacapi.

Nu kadua ditilik tina fungsina, kasenian celempungan mah leuwih nyoko salaku hiburan, ku kituna dina nataharkeun celempungan mah sagala kaperluan anu dibutuhkeun waktu magelar téh henteu riweuh teuing kawas nataharkeun Jentréng anu miboga fungsi pikeun ritual atawa upacara, nepi ka ngabutuhkeun rupa-rupa sasajén.

Nu katilu ditilik tina ibingna, ieu aya patalina jeung alesan nu kadua, ibingan dina kasenian celempungan mah jumlah nu ngibing jeung tatacara ngibingna taya aturan, bébas sabaraha baé jeung kumaha waé. Gerakan/ibingan dina celempungan biasana leuwih dinamis lantaran piriganana leuwih ritmis, sedengkeun dina Jentréng mah waktu ngamimitian ngibing kudu saéhu heula saurang, terus limaana, tujuhana nepi ka panglobana téh salapan urang. Ngibingna gé leuwih antaré gerakanana.

Tilu alesan éta mangrupa alesan rada kaéléhkeuna kasenian Jentréng ku celempungan. Ieu mangrupa gejala-gejala kesenjangan nu aya di antara kasenian buhun. Kaayaan ieu bisa disebutkeun masalah anu daria pikeun kabudayaan buhun khususna Jentréng, sabab lila kalilaan moal aya generasi nu daék jadi panerus pikeun ngamumulé kasenian buhun. Sedengkeun Jentréng téh mangrupa kasenian buhun anu “ahéng”, ngandung unsur gaib sarta dianggap sakral, penting pisan dimumulé ku urang. Naha disebut penting? sabab Jentréng téh kasenian nu ayana ngan ukur di Rancakalong, lamun urang Rancakalongna geus embung ngamumulé, tungtungna mah barudak ngora bisa pareumeun obor kana kasenian Jentréng.

Alesan séjén anu ngalantarankeun pentingna ngamumulé kasenian Jentréng nya éta, ayana ajén sosial jeung tatahar anu rongkah rohaka. Ajén sosial ngawengku sagala aspék kahirupan anu dianggap miboga ajén anu luhur sarta éndah, patali jeung masarakatna nu mangrupa makhluk sosial. Aya sababaraha ajén anu nyangkaruk dina Jentréng, di antarana ajén sosial, ajén religi jeung ajén seni.

Ajén religi mangrupa ajén anu dalit pisan jeung kasenian Jentréng, ieu hal patali jeung mimiti ayana kasenian Jentréng anu ditujukeun pikeun wujud rasa syukur ka Dewi Sri atawa Dewi paré. Salian ti éta waktu kasenian Jentréng digelar, sok loba anu kasurupan. Nepi ka aya anggapan dina kasenian Jentréng leuwih loba nu kasurupan leuwih hadé, lantaran matak kitu gé masarakat nganggapna éta kasenian téh di tarimakeun ku karuhun, seueur karuhun nu sumping, ngiring ngibing kucara nyurup kanu aya di dinya.

Wujud ajén sosial tina kasenian Jentréng di antarana nya éta kakaluargaan, kakompakan, silih ajénan, silih tulungan, silaturahmi jrd, waktu Jentréng lumangsung masarakat bisa patepung lawung nyakséni hiji seni tur bisa ibing babarengan, itung-itung hiburan pikeun saréréa. Eta mangrupa mangfaat pikeun masarakat.

Dina unggal hal anu aya disabudereun pasti miboga untung jeung rugi, kitu deui jeung ieu panalungtikan. Kauntungan dina ieu panalungtikan nya éta bisa maluruh ajén sosial nu aya dina kasenian jentréng. Ku kituna waktu ngawanohkeun kasenian jentréng ka masarakat umum, urang boga asumsi nu kuat ngeunaan hal-hal anu jadi kaleuwihan tur pantes pikeun dipertahankeun dina kasenian jentréng. Salian ti éta ieu panalungtikan bisa dipaké sarana pikeun pangajaran, maksudna nambahan bahan ajar ngeunaan pedaran rupa-rupa kasenian daérah. Lamun ieu panalungtikan teu dilaksanakeun téréh-téréh, inggis generasi ngora beuki mopohokeun kabudayaan (banda) sorangan, antukna nu disebut paremeun obor téh bisa bener-bener kaalaman. Anapon kahéngkérana tina ieu panalungtikan nya éta kurangna sumber data tinulis nu ngadukung ngeunaan kasenian jentréng.

Salaku calon guru basa Sunda, urang kudu bisa maréasikeun pola ngajar ngarah murid reueus diajar budaya khususna budaya Sunda, ulah ngan saukur ngandelkeun ceramah. Contona waé urang ngajarkeun prak-prakan Jentréng ku cara lalajo tina média audio visual. Sangkan murid bisa langsung maham tur nyocokkeun jeung naon nu diomongkeun ku guru ngeunaan Jentréng. Lamun budak geus reueus mah urang babari méré pamahaman ngeunaan wajibna ngamumulé tur mikareseup budaya sorangan.

Saenyana mah ieu lain panalungtikan ngeunaan Jentréng anu mimiti, saméméhna aya panalungtikan ngeunaan tarawangsa ku Rekha Rosdiana Dewi (2008) anu judulna “Ajén falsafah Kasenian Tarawangsa di Rancakalong kabupatén Sumedang (hiji ulikan sémiotik)”. Sok sanajan sarua kasenian anu ditalungtikna, tapi dina ngaguarna mah béda, panalungtikan saméméhna ngan ngaguar ngeunaan ajén falsafah dina ulikan sémiotikna. Sedengkeun dina ieu panalungtikan diguar ngeunaan ajén sosial budaya, nya éta kumaha patalina antara

Jentréng jeung masarakatna sorangan. Kumaha carana ngawanohkeun Jentréng ka generasi ngora sangkan Jentréng tetep hirup di tengah masarakatna. Salasahijina cara anu baris dipilampah nya éta nyieun bahan ajar ngeunaan Jentréng.

Nganalisis atawa néangan hasil panalungtikan tétéla mémang réa panalungtikan anu medar ngeunaan tarawangsa. Aya skripsi anu judulna “Penerapan Tari Pendidikan dengan Materi Kesenian Tarawangsa dalam Pembelajaran Seni Budaya Pada Siswa Kelas IV SD Negeri Rancakalong Kabupaten Sumedang” ku Yuliani Astuti jurusan Pendidikan Seni Tari.

Aya ogé anu judulna “Gaya Petikan Jenteng pada Kesenian Tarawangsa Pusakawarna Kampung Sukaluyu Girimukti Sumedang” ku Andrian Purwanto Jurusan Pendidikan Seni Musik. Tuluy nu judulna “Transmisi Kesenian Tarawangsa di Daerah Rancakalong Sumedang” ku Iceu Pebrianti Jurusan Pendidikan Seni Tari. Salian ti éta aya ogé anu judulna “Ajén Sosiologis dina Tradisi Upacara Adat Ngalaksa di Desa Rancakalong Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran di SMA” ku Ikhsan Nugraha (2011) Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah.

Ku kituna, dumasar sawangan di luhur kuring nalungtik icu skripsi anu judulna “Ajén Sosial dina Kasenian Jenteng di Kecamatan Rancakalong Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Pedaran Wanda Kasenian Daérah di SMP Kelas VIII” téh dipiharep bisa numuwuhkeun rasa reueus tur héman ka generasi ngora sangkan daék ngamumulé budaya buhun. Ulah ngan saukur ngagugulung budaya dengeun ari budaya sorangan dipapalérkeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, tétéla réa pisan masalah anu disanghareupan anu patali jeung Jentréng téh. Masalah éta gé ngawengku sababaraha aspék anu patali jeung rupa-rupa ajén dina kahirupan.

Jentréng téh kasenian anu dijerona ngawengku ajén sosial anu réa. Di antarana baé kakulawargaan, silaturahmi, silih tulungan, silih ajénan, silih asah silih asih silih asuh, silih élédan, silih butuhkeun, silih geuingkeun jeung silih

lengkepan. Salian ti éta aya ajén sosial anu patali jeung ajén kapercayaan, nya éta ayana unsur animisme jeung dinamisme. Sangkan leuwih jéntré dina ngadéskripsikeun ngeunaan kasenian Jentréng, ambahan ieu panalungtikan téh di watesanan.

Ieu panalungtikan téh ngan ukur medar ngeunaan “Ajén Sosial dina Kasenian Jentréng nu aya di Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang”.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur masalah dirumuskeun dina kalimah pananya di handap;

- 1) Kumaha prak-prakan pagelaran kasenian Jentréng nu aya di wewengkon Rancakalong ti mimiti tatahar nepi ka prung pagelaran?
- 2) Ajén sosial naon baé nu nyangkaruk dina kasenian Jentréng di wewengkon Rancakalong?
- 3) Ajén sosial naon baé anu masih kénéh luyu dipaké dina jaman kiwari?
- 4) Kumaha bahan ajar anu dijieun pikeun pangajaran ngaregepkeun pedaran kasenian daérah kelas VIII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun neleuman ngeunaan ajén sosial anu aya dina kasenian Jentréng patali jeung masarakatna, nya éta masarakat di wewengkon Rancakalong. Salian ti éta, pikeun nalungtik kasenian buhun anu geus sakuduna dimumulé ku masarakatna sorangan.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun medar kumaha prak-prakan kasenian Jentréng nu aya di wewengkon Rancakalong, medar ajén sosial naon baé anu nyangkaruk dina kasenian Jentréng di wewengkon Rancakalong, medar ajén sosial anu masih kénéh luyu jeung geus teu luyu dipaké di jaman kiwari, sarta pikeun nyieun bahan ajar SMP kelas VIII

ngeunaan Jentréng anu patali jeung pangajaran ngaregepkeun pedaran kasenian daérah.

Ku cara kitu dipiharep bisa numuwuhkeun rasa reueus tur héman ka generasi ngora khususna budak SMP di wewengkon Rancakalong-Sumedang sangkan boga karep pikeun ngamumulé budayana sorangan. Minimalna budak bisa wanoh kana budayana sorangan, tur bisa apal yén maranéhna téh miboga kasenian anu hadé.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangfaat pikeun ngajembaran kaweruh urang ngeunaan ajén sosial. Salian ti éta bisa ngawanohkeun kasenian jenténg ka masarakat umum, ogé pikeun ngeyeuban bahan pangajaran ngeunaan kaparigelan ngaregepkeun.

1.4.2 Mangpaat praktis

Sacara Praktis ieu panalungtikan miboga mangfaat pikeun sababaraha pihak, nya éta;

- 1) Guru, pikeun guru ieu panalungtikan téh miboga mangfaat salaku *referensi* bahan pangajaran ngeunaan kaparigelan ngaregepkeun.
- 2) Siswa, pikeun siswa ieu panalungtikan téh dipiharep bisa wanoh kana budayana sorangan, ulah nepi ka pareumeun obor.
- 3) Sakola, pikeun sakola ieu panalungtikan bisa jadi média ngawanohkeun kabengharan budaya daérah diwewengkonna.
- 4) Masarakat, sedengkeun pikeun masarakat ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun salaku ajang kasadaran sangkan leuwih loba ngalibetkeun kasenian buhun khususna Jentréng dina acara gedé.
- 5) Nu nalungtik, pikeun nu nalungtik ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngajawab sagala rupa kapanasaran ngeunaan ajén sosial nu aya dina kasenian Jentréng.

1.5 Raraga Panulisan

BAB I BUBUKA, anu ngawengku judul panalungtikan, kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan.

BAB II LANDASAN TIORI, nu ngawengku ajén sosial, kabudayaan, hubungan antara ajén jeung sosial budaya, kasenian, kapercayaan, Jentréng, jeung bahan pangajaran.

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN, nu ngawengku métode, desain jeung sumber panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan.

BAB IV DÉSKRIPSI AJÉN SOSIAL DINA KASENIAN JENTRÉNG DI KECAMATAN RANCAKALONG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPKEUN PEDARAN WANDA KASENIAN DAÉRAH DI SMP KELAS VIII nu ngawengku data jeung hasil panalungtikan.

BAB V PANUTUP, nu ngawengku kacindekan jeung saran.

DAFTAR PUSTAKA

